



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvel nominasyon yo nan administrasyon li an.

"Nan yon moman kote pèfòmans gouvènman an pa te janm pi enpòtan, mwen kontan akeyi moun devwe sa yo ki reprezante meyè nan domèn yo epi ki pote yon bann konesans ki pral ede New York tounen konstwi pi bon ke anvan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen remèsye Dani Lever pou travay ekstraòdinè li nan non popilasyon Eta New York la. Devouman li nan sèvis piblik ak ekspètiz li te gen anpil valè epi travay li te kite yon gwo enpak sou plizyè milyon Nouyòkè. N ap sonje li anpil epi tout Ekip Cuomo a swete li tout sa ki pi bon nan nouvo chapit eksitan sa a."

Peter Ajemian te pran pwomosyon kòm Direktè Kominikasyon. Li te anvan sa okipe fonksyon Direktè Adjwen Prensipal Kominikasyon depi novanm 2018 epi anvan sa li te Direktè Adjwen Kominikasyon pou Transpò. Anvan li te vin nan Biwo Gouvènè an, li te sèvi kòm Chèf Kabinè pou Senatè Eta, Brad Hoylman. Li te sèvi tou kòm pòtpawòl nan yon gwo kanpay pwokirè jeneral eta epi kòm Vis Prezidan Prensipal nan kabinè konsiltasyon Marathon Strategies, kote li te travay sou kat gwo inisyativ konsènan bilten eta a ki te legalize maryaj pou menm sèks nan Washington, Maine, Maryland ak Minnesota. Li gradye nan University Boston ak The New School.

Peter vin apre **Dani Lever**, ki te rantre nan administrasyon Gouvènè a nan ane 2014 kòm Premye Sekretè Adjwen pou Laprès. Li te vin apres a sèvi kòm Sekretè Laprès anvan li te jwenn pwomosyon kòm Direktè Kominikasyon. Madan Lever ap rantre nan ekip Kominikasyon pou Repons Estratejik Facebook.

Stephen B. Silverman te nonmen kòm Konseye Prensipal Kominikasyon. Tou dènyèmman, kòm yon konsiltan endepandan, Steve te konseye Fondasyon Clinton lan pou kominike bilan Prezidan Clinton ak administrasyon li epi te ede kreye yon platfòm angajman pou ansyen yo avèk siksè. Li te travay avèk Fondasyon Afya pou sansibilize piblik la sou travay sekou imanité li nan reyalize yon sansibilizasyon ekstèn efikas pou patisipan prensipal yo. Li te sèvi kòm konseye estratejik nan ekip Politik Bloomberg 2020 an, ki te konsantre sou maksimizasyon angajman politik ak defans piblik ko-prezidan nasyonal kanpay la. Anvan sa, Mesye Silverman te sèvi kòm Vis Prezidan ak Direktè Jesyon Chanjman epi anvan sa te sèvi tankou Vis Prezidan ak Chèf Kabinè Direktè Enfòmasyon (CIO) Bank Rezèv Federal la. Mesye Silverman te dirije

kominikasyon antrepriz la globalman pou antrepriz konsomatè Citigroup nan ane 1993-1998. Mesye Silverman te sèvi kòm Asistan Adjwen Prezidan an ak Sekretè Adjwen Kabinè nan Mezon Blanch anba Prezidan Clinton kote li te devlope ak egzekite pwogram kominikasyon pou anplifye mesaj prensipal Prezidan an atravè angajman piblik Kabinè ak Sou-Kabinè a. Li te yon lidè tou nan efò entèkansyon kont dezaz administrasyon an epi te jwe wòl enpòtan nan òganize evènman piblik, ki gen ladan Jwèt Olenpik Atlanta 1996, Somè Prezidan an pou Lavni Amerik, patisipasyon ofisyèl Etazini nan antèman Prezidan Yitzhak Rabin ak yon somè sou inondasyon Prezidan an ak gouvènè sant lwès yo kòm repons ak inondasyon Rivyè Mississippi a. Mesye Silverman gen yon Doktora nan Dwa nan Northwestern University ak yon Diplòm Lisans nan Cornell University.

Marquita Sanders te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Planifikasyon ak Operasyon. Anpil nan travay li se te nan Administrasyon Obama-Biden kote li te travay sou Lwa Swen Abòdab (Affordable Care Act) kòm Direktris Asosye nan Afè Eksteryè nan Biwo Afè Entègouvènmantal ak kòm Konseye Prensipal pou Pwogram Sante nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development) nan Etazini. Li vini New York dèyè wòl li kòm Direktris Nasyonal Planifikasyon ak pou Avansman Kanpay Prezidansyèl Senatè Cory Booker. Sanders gen yon dizèn ane eksperyans ap travay nan kous politik nan tout peyi a, asanm ak Komite Inogiral 2013, Konvansyon Demokratik 2012 la. Sanders gen yon Lisans nan Kriminoloji ak Jistis Kriminèl nan Florida State University.

Richard Becker MD, te nonmen kòm Sekretè Ajdwen pou Sèvis Sante ak Sosyal. Doktè Becker se te Direktè Jeneral Prensipal nan ToneyKorf Partners, yon antrepriz sou konsèy estratejik ak jesyon pwozivwa ki espesyalize nan sitiyasyon sante konplèks oswa ki an difikilte. Anvan li te rantre nan ToneyKorf Partners, Richard te dirije redrèsman operasyonèl ak finansye Brooklyn Hospital Center, yon lopital ansèyman nan domèn sekirite ki gen 464 kabann, New York, kote, kòm Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, li te re-etabli angajman sant medikal la pou ekselans klinik ak akademik, ansanm ak repitasyon li nan rejyon New York, pandan li devlope yon gwo rezo swen sante ki gen ladan doktè ak enstitisyon nan kominote a. Richard te travay anvan sa kòm Direktè Egzekitif Jeneral ak Direktè Medikal George Washington University Hospital nan Washington, DC, kote yo rekonèt li te dirije yon redrèsman klinik ak finansye global. Pandan manda li nan George Washington University Medical Center, Richard se te yon Pwofesè Asistan Anestezyoloji ak Medsin Swen Entansif kote li te gen wòl aktif nan swen pasyan, rechèch ak edikasyon. Dènye eksperyans li gen ladan bay sèvis konsèy estratejik ak dilijans pou ede òganizasyon swen sante ki nan misyon yo avèk transfòmasyon dirab atravè yon seri estrikti patenarya. Richard gen yon Diplòm Lisans (BA) nan University of Virginia College of Arts and Sciences, ak yon Doktora (MD) nan University of Virginia School of Medicine, ak yon Diplòm Metriz (MBA) nan George Washington University School of Business.

Jennifer Rentas te nonmen kòm Sekretè Asistan pou Sèvis Sante ak Sosyal. Li te sèvi nan plizyè fonksyon depi 2012 nan Hospital for Special Surgery (HSS), tou dènyèman li te sèvi kòm Vis Prezidan Prensipal ak Chèf Kabinè. Apre monte kriz COVID-19 la, li te

mennen efò HSS sou "Retounen nan Nouvo Nòm" ki gen ladan evalyasyon pratik klinik ak politik yo, modifikasyon nan operasyon swen pasyan, kominikasyon nan òganizasyon an, ak preparasyon pou yon potansyèl repriz, pou asire sekirite pasyan, pèsonèl ak kominote a. Anvan HSS, li te yon Analis Prensipal Politik pou Henry J. Kaiser Family Foundation, epi te travay nan New York-Presbyterian Hospital ak Saint Barnabas Medical Center. Madan Rentas te resevwa yon Diplòm Lisans, Metriz nan Politik Piblik ak Metriz nan Administrasyon Biznis nan Harvard University.

Julissa Gutierrez te nonmen kòm Ofisye Responsab Divèsite. Anvan sa, Madan Gutierrez te okipe fonksyon Direktris Adjwen Afè Sikonskripsyon pou Gouvènè a. Anvan sa, Madan Gutierrez te sèvi nan plizyè fonksyon nan Fon Edikatif Asosyasyon Nasyonal Reprezantan Latino ki Eli ak Nonmen (National Association of Latino Elected and Appointed Officials, NALEO), ki gen ladan Direktris Pwogram Nasyonal ak Relasyon Kominotè ak Direktris Nòdès pou Angajman Sivik. Li te yon Asistan Espesyal pou Manm Komisyon Depatman Devlopman Jenès ak Kominotè Vil New York la epi te gen yon relasyon depi lontan avèk Lig Anti-Difamasyon (Anti-Defamation League) an, te okipe plizyè pòs epi te patisipe nan pwogram depi lè li te nan lekòl segondè. Madan Gutierrez se Prezidan Konsèy Otonomizasyon Kominote Nouvo Imigran (New Immigrants Community Empowerment) ak Manm Konsèy Administratè pou Bibliyotèk Piblik Queens (Queens Public Library) lan. Madan Gutierrez gen yon Diplòm Lisans (B.A.) nan University of Delaware ak yon Diplòm Metriz (M.A.) from University of Chicago.

Laura Montross te nonmen kòm Direktris Adjwen Kominikasyon pou Defans Politik ak Pwoblèm. Madan Montross te sèvi tou dènyèman an kòm Direktris Sansibilizasyon Fanm nan kanpay prezidansyèl 2020 Mike Bloomberg lan epi te sèvi anvan sa kòm Direktris nan Kivvit, yon kabinè afè piblik ak kominikasyon nan New York. Anvan sa, Madan Montross te benefisyè bous metriz ke li te resevwa de fwa nan men Ministè Espayòl Edikasyon nan Madrid. Madan Montross gen yon diplòm lisans nan Etid Metwopoliten nan New York University.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)